# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы аттестация комиссиясының қарарларын тастыйықлаў ҳаққында**

Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2019-жыл 13-майдағы "Мектепке шекемги, улыўма орта, орта-арнаўлы, кәсип-өнер ҳәм мектептен тысқары мәмлекетлик билимлендириў мәкемелериниң педагог хызметкерлерин аттестациядан өткериў тәртиби туўрысындағы Режени тастыйықлаў ҳаққында"ғы 392-санлы қарарында белгиленген ўазыйпалардың орынлаўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман:**

1. Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы дүзилген аттестация комиссиясының 2021-жылдың 23-30-июнь күнлери өткерилген баянламалар қарары тийкарында ҳәм усы буйрықтың қосымшасында көрсетилген педагог хызметкерлерге жоқары ҳәм биринши (екинши)қәнигелик категориялары берилсин.

2. **Барлық район(қала)лық халық билимлендириў бөлимлери баслықлары ҳәм Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорларына:**

усы буйрықтың қосымшасында көрсетилген педагог хызметкерлердиң қәнигелик категориялары аттестация комиссиясы тәрепинен қарар қабыл етилген күннен баслап тарификациялық дизимнен өткериў ўазыйпасы жүклетилсин.

3. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды өзимде қалдыраман.

**Тийкары**: Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанында дүзилген аттестация комиссиясының 2021-жыл 23-30-июнь күнлери өткерилген жыйналысының баянламалары қарары.

**Министр** **Р.Реимов**

Нокис қаласы
2021-жыл «30» -июнь
№ 161